ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№49 (22.457) • 2013 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 16, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adygnale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ядоIэпыкъу

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен иджыблагъэ яхуэзащ я щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм. Апхуэдэ зIуIщIэхэр хабзэ хьуауэ ильэс зыбжанэ льандэрэ къызэрагъэпэщ. Республикэм и Iэтащхьэм и дежи чэнджэщакIуэ е льэIукIэ республикэм исхэм ящыщ куэд кьокIуэ.

ЯПЭ дыдэу а махуэм КъБР-м и Iэтащхьэм хуэзащ Шэрдж муниципальнэ районым хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм щыщ Факъуэ Надеждэ. Абы балигъ мыхьуауэ бынищ иIэщ, ауэ зэщхьэгъусэхэр лэжьапIэнщэщ. Цыхубзыр къэлъэIуащ и псэупIэр иригъэфIэкIуэныкIэ дэIэпыкъуныгъэ иратыну. А льэIур Къанокъуэ Арсен игъэзэщIащ.

ПсэупIэкIэ и Iуэхур зэрызэкIэлъымыкIуэр, и унагъуэр унэ кхъаХэм зэрыщIэсыр арат Прохладнэ муниципальнэ районым хыхьэ Къэрэгъэш къуажэм щыщ Хьэмыкъуэ Хьэлимэтэ къызытекIухьар. Абы КъБР-м и Iэтащхьэр ахьшэкIэ дэIэпыкъуащ.

Iуащхьэмахуэ районым хыхьэ Эльбрус поселкэм щыщ Цакоевэ Светланэ и унагъуэр цIыхуэ I 9 мэхъу икIи ахэр псори пэшиц хьу фэтэрым щIэсщ. А унагъуэщхуэм республикэм и Iэтащхьэр ахьшэкIэ дэIэпыкъуащ. Светланэ езым бынитху иIэщи, щыр зэщIыгъуу кьалъхуащ. Абыхэм я ныбжьыр ильэс ныкъуэ хьуауэ аращ. КъБР-м и Iэтащхьэм занщIэу КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуздзэ Портэ Галинэ зыпшIэн кьалэн щищIащ иужьрей ильэсхэм кьурибудзэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу щыIэныгъэхэр кьыхитхьыну. «Иужьрей ильэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэтIолъхуэныкъуэхэр, зэуэ сабиищ куэдрэ кьыщалъху. А Iуэхум фыхэплъи, апхуэдэ унагъэхэм дазэрыдIэпыкъу хьуну Iэмалхэр кьыхэфлъхьэ», - хуитIэуващ Къанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуздзэм.

Кумыщ Аринэ КъБР-м и Iэтащхьэм IуащIэн папщIэ Шэджэм районым щыщ Шэджэм къалэм кьикIри къэкIуащ. Абы зэрыжиIамкIэ, унагъуэр зыщыгугъ и щхьэгъуэр ильэс зыбжанэ апэкIэ хэкIуэдащ икIи абы льандэрэ бынунэр хуэмыщIауэ мэпсэу. Езы Аринэ узынщэкъыми, щIэхщIэхьуэр сымаджэщым щIохуэ. И бынхэр ипIэнымкIэ абы и адэ-анэр кьыдоIэпыкъуу аращ. Тхьэусыхафэр зэхигъэкIри, Къанокъуэ Арсен а унагъуэм ядоIэпыкъуну унафэ ящIащ. Нэхъ ныжькIэ Аринэ жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и дежи къызэрыкIуам зэрыхущIемыгъуэжар: «Сэ льэIукIэ сызэрекIуэлIар Къанокъуэ Арсен гулыпитэнщэу кьигъэнакьым, арэзы сыкьищIащ. Узынщагъэ быдэ иIэну сохьуэхьу дунафэщIым».

Налшык щыщ Алборов Вячеслав ипэгупым хиубыдэ ныкъуэдыкъуагъэ иIэщ. Абы ахьшэхьэу ириту и нэр операцэ иригъэщIын хуейти, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр зыдигъэIэпыкъуну елъэIуащ. «Сэ икъуэкIэ сыхуэзарэзыщ ди Iэтащхьэм и лэжьакIэмкIи и цIыхугъэмкIи», - жиIащ абы Къанокъуэ Арсен хуэза иужь.

Прохладнэ районым хыхьэ Черниговскэ къуажэм щыпсэу Кривко Александр ныкъуэдыкъуагъэ иIэу къалытащ хуабжьу набгъэ зэрыхуэм кьыхэкIыу. Къанокъуэ Арсен ар кьигъэгугъащ зигъэхъужьи папщIэ ахьшэкIэ дэIэпыкъуну.

ЩОКЪАРЭ Залиев,
КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

ИнвестицэхэмкIэ агентствэрщ кластер политикэр пхызыгъэкIынур

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ Марьяш Иринэ, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Мусуков Алий, КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и агентствэм и унафэщI Чочаев Ахьмэт сымэ кьриихьэлIэу КъБР-м и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIа зэIуIщIэм щытепсэлъыхьащ «КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и агентствэ» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам зэрызиужьыну концепцэм.

ДЫЗЭРЩЫГЪУАЗЭЩи, а агентствэр Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ 2007 гъэм кьызэрагъэпэщауэ щытащ. Ар нэхъыбэу зэлэжьын хуейр республикэм инвестицIэ Iуэхухэм зыщегъэжьынырт, КъБР-м щыIэ инвестицIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэнырт. Республикэм Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и агентствэм иращIыла къэрал контрактым ипкъ иткIэ, ар инвестицIэ лэжьыгъэр кьызэгъэпэщыныжмкIэ КъБР-м и Правительствэм и официальнэ уполномоченнэ Iуэхущапи э ящIащ. Абы кьыхэнэжу агентствэм щIыналъэм и экономикэ зыужьыныгъэр щIэгъэхуэгъбжьэныжмкIэ Iмалыфкъэр кьызэригъэпэщыфынущ, апхуэдэу администрацэмрэ инвесторхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр зэтригъуэвэфынущ.

Марьяш Иринэ зэрыжиIамкIэ, зэIуIщэм кьыщыхальхьа Концепцэм, Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ агентствэр инвестицIэ проектхэр пхыгъэжьынын зэрыхэтым кьыдэкIуэу, нэгъуэщI Iуэхущ Iэ куэдхэри зэрыригъэжьынырэ Iэмалхэр кьыщыгъэльэгъуащ. Абыхэм ящыщ республикэ программэ хэхаХэр гъэзэщIэным, инновацI Iуэхухэм, псалъэм папщIэ индустриальнэ технопаркхэр кьызэгъэпэщыныжрэ щIыналъэ щхьэхуэхэр комплексныгъэхэр сабэпыныжрэ хэтынырэ. Апхуэдэ дэтхэнэ лэжьакIуэри, апэ вице-премьерым кьызэрилытэжмкIэ, КъБР-м щыIэ инвестицIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIащ. Псалъэм папщIэ, республикэ программэ хэхаХэр гъэзэщIэным щыхэлэжьыхькIэ, агентствэр зыужьынур проектхэмрэ бизнес-планхэмрэ зэхэлъхьэным и закъуэкъым. Ар зыми IэщIэмыль экспертхэр Iуэхум кьыхэщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хьунущ, финанс Iуэхущапи э эмылIэужьыгъуэхэм ядолэжьынущ, проектхэр гъэзэщIэным трагъэкIуэдэну ахьшэр кьызэзыгъэпэщынухэм яхэтынущ, апхуэдэу КъБР-м щыIэ инвестицIэ щытыкIэм инвесторхэр дригъэхьэхьын папщIэ гъэлъэгъуэныгъэ, зэхуэс зэмылIэужьыгъуэхэм хэтынущ.

(КIуэхыр 2-нэ нап.).

«Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» • Театр

Щоджэнцыкъ Аслан и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым и зи чэзу гъэхъэнэр спектаклышIкIэ кьыхэзыгъуиташ. Мы махуэхэм абы щагъэпэгъуащ Толстой Алексей и «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» («Орел и орлица») пьесэм кьытрашIыкIа спектаклыр. Ар игъэуващ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Абхъаз республикэхэм гъэазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр, режиссер Фырэ Руслан.

СПЕКТАКIЫМ хуагъэфэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм театр гъуазджэм щигъэувагрантыр, абы кьыпэкIуа мыпхьур псори текIуэдащ артистхэм я щыгъаныжмэрэ сценэр зыхуеину хьэпшIапхэмрэ.

Пьесэр зытеухуар урыс пащтыхь Грозный Иваннэ Идар Темрыкьуэ ипхьу Маринерэ (Гуащэнэ) яку кьыдэхьуэ льагъуныгъэм и закъуэкъым, атIэ абы и лъабжьэр куэдкIэ нэхъ куущ. Спектаклым кьыщыгъэлъэгъуэжащ Урысей къэралыгъуэм и тхыдэм щыщ зы Iыхьэ, пащтыхьыгъуэ лъэхъэнэм щыхуэхэм я зэхэтыкIар, фыгъуэжьэм, щIэхъуещагъэм, кьулыкъу щIэкъуным лажьэншэ куэдым я гъащIэр зэрихьар.

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэм фыц дыдэу кьайхьуIащ а зэман жьыкъэм икIи хьэпъэм дыхашэжьын. Iэзагъыщхуэ хэпъуэ зи ролхэр зыгъэзащIа гупым Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ яку дэпъ зэныбжьэгъугъэм и кьежьапIэр дигу кьагъэкIыжкIэрэ, абы зи гъащIэр тыхь хуэзыщIа адыгэ бзыпхъугъэ щыкIум хамэщIым щигъэкIуа нльэсхэм дыхахьэжри, а пъхьэхэнэм сыхьэтитIым щIигъукIэ «дыхапэсэуэкIащ». Мыбдеж иджыри зэ ди нэгу щыщIэкIащ кьулыкъу гъаГэ зы Iыгъ цIыхур и щхьэ зэрыхуэмытыжьыр, сыт хуэдиз зэфIэкI абы имыIэми, езым зэрызихьумэжьын кьару зэрыбгъэдэмыльыр. Пащтыхь Грозный Иван тхыдэм кьызэрыхэщыжьыр цIыху ткIийуэщ, гущIэгъунэущ, спектаклым абы ущыкIэлъыплъкIэ уогупсыс: «И пащтыхьымрэ езым нэхь и гъынэгъу цIыхухэмрэ ихьымэжьын папщIэ апхуэдэ» «нэкIуIупхьуэр» кьимыгъэсэбэпу пIэрэ?- - жыпIэу. Ауэ абыи кьихьымакъым ар. Тыншкъым зэхуэдэу цIыху псоми я арэзыныгъэр къэбгъжьыну, фитIнэуэ кьыбгъэдэту дзыхь зыхуимыщIхэм я гугъу умыщIыхьи, кьеп-цIыжьину зыхуимыгъэфэщхахэми хуэм-хуэмурэ и щыбгъ кьыхуэгъэзащ абы. ХамэщIым кьыщыхутэу фыгъуэ ижьмэрэ щхьэхуещагъэмрэ щытепщэ пащтыхь уардэуэ ипIэсэйикIэ зи гъащIэр щIэзыхьэкIа адыгэ пщащэмэ игъэвар мащIэкъым. ИтIани ар зыхьыхьаХэм яхэтащ кьызыхэкIа лъэпкым хуэфэщну, и щхьэгъусэм и Iуэхуэр диныгъыну икIи хуэпэжу бгъэдэтащ... Арат и натIэм кьиртхари, пащтыхьым и жагъуэгъуэм яIэщIэкIуэдащ. Хуэхъумакъым ари апхуэдизу кьанльуэ яIыгъэу щыта пащтыхьым...

Спектаклым щыджэгуа дэтхэнэ зы артистми хуагъэфэща ролыр дагъуэншэу игъэзэщащ. Я Iэзагъэ зыхуэдэр иджыри зэ ди нэгу щIагъэкIащ УФ-м щыхь зиIэ и артистхэу Шыбзыхьуэ Басир (Грозный Иван), ЖьакIэмыхьу КIунэ (пущ гуащэ Старницкая), Балъкъыз Валерэ (Курбский пщыр), КъБР-м щыхь зиIэ и артистхэу Тхьэщыгъуей Жаннэ (Идар Темрыкьуэ ипхьу Гуащэнэ), Къумахуэ Мухьэдин (Оболенский пщыр), КIэмырыгуей Валентин (Сильвестр), Лу Рамэзан (Воротынский пщыр), Хьыдзэдж Борис (Репнин пщыр), Ингуш Республикэм щыхь зиIэ и артист Хьэщэ Кьанщобий (Филипп) сымэ, нэгъэщIэхэми.

Кьыхэгъэщыпхъэщ пьесэр адыгэбзэм дахэу, шэрыуэу кьызэрырагъэзэгъар. Илъэс 20 и пэкIэ ар театрым папщIэ зэридзэкIаУэ щытащ Къуэдзокъуэ Хьэсэн.

«Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклыр Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкум щыгъэпэщауэм зи гущIэ хэзыпхьа псоми Iуэхур фIы дыдэу кьаазэрехьуIам и щыхьэтт абы кьекIуэпIаХэм хуаIэта Iэгуауэшхэр. КъБР-м и Iэтащхьэм и щхьэгъусэ Къанокъуэ ФатIимэ артистхэм яхуэупсащ удз гъэгъа матэкIэ.

щхьэщэмыщI Изэ.

Сурэтыр **СВИРИДЕНКЭ Татьянэ** *трихащ.*

Тхьэщыгъуей Жаннэрэ Шыбзыхьуэ Басиррэ Гуащэнэрэ Грозный Иваннэ я ролхэр ягъэзащI.

Ди къуэш республикэхэм

Аббас Мэхьмуд поплъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Палестинэм и унафэщI Аббас Мэхьмуд республикэм щыполлъэ.*

ПАЛЕСТИНЭМ нэгъабэ ООН-м къэрал-кIэлъплъакIуэ статус щигъуэтащ икIи абы и уэкъкIэ иджы япэу Урысеим къэкIуащ Аббас Мэхьмуд. Нэхъапэ Iуэхкъэ ар щыIащ ди къэралым и щIыналъэ зыбжанэм.

Мы гъэм гъатхэпэм и 4-м КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид Черкесск щыIущIащ Палестинэм и полномочнэ аIыкIуэ Фаед Мустэфа. Абы щыгъуэ лъэныкъуэхэр тепсэлъыхьащ Палестинэмрэ Урысеймрэ я зэпыщIэныгъэхэм япкъ иткIэ зэрыщэдэлажьэну унэтIыныгъэхэм.

Хуабэщхэр яухуэнущ

КъШР-м и Правительствэм и мурадщ «Южный» агрокомбинатым хадэхэкIхэмрэ удз гъатхэхэмрэ щелэжьыным зригъэубгъуну. Республикэм и правительствэм и япэ вице-премьер Байчоров Эльдар зэрыжиIамкIэ, а социальнэ проектым цIыхуэхэр лэжьигъэIэнатIэкIэ кьызэригъэпэщынущ икIи щIыпIэ бюджетым хэхуэу къуритынущ.

РЕСПУБЛИКЭМ щызэхалъхьа программэм ипкъ иткIэ хуабэщхэр ухуэным, абыхэм газэрэ алектроэнергэ рууэ трагъэкIуадэ мылъкум и процент 20-м хуэкIуэну субсидиехэр мэкъумэшыщIэхэм иратынущ.

Илъэси 160-рэ ирокъу

АДЫГЕЙ. *Адыгэ тхыбзэм и махуэм теухуа Iуэхугъуэхэр республикэм и кьалащхьэ Мейкъуапэ щекIуэкIащ. Адыгэхэм тхыбзэ яIэ зэрыхьурэ ильэси 160-рэ зэрырикъум теухуа пэкIукIэ зэхэхьэрэ къыщIадзащ. АдэкIэ егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Нэхъыжьхэм я советым я лIыкIуэхэм «Адыгэбзэ псалъалъэр» къыдэзыгъэкIа Бырсей Умар и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.*

ЛЪЭПКЪ театрым и щIыхьэпIэм дежи адыгэ джэгу щызэхаублащ, и кIуэцIым махуэшхуэ концерт щекIуэкIащ. «Илъэс кьэс нэхъыбэ мэхъу сабий садхэм, школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, IэщIагъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щызыджхэр. Адыгейм и лъэпкъхэм я бзэр, тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр зыхъумэну щыIэр тхыбзэрщ икIи къэрал властым и органхэм, лъэпкъыбэ щIыналъэм щыпсэухэм абы гулъытэ хэха хуащIыпхьащ», - кьызэхуэсахэм защыхуигъазэм кьыхихэщащ республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIуашынэ Асльэнджэрий .

Зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр зэкIуалIэ Iуэхущапи э 42-м республикэм щыкъэралыбзэ урысыбзэмрэ адыгэбзэмкIэ щIыкIуэхэм щадолажьэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Зеиншэхэр, адэ-анэхэм ямыпIыж сабийхэр къэзыщтэнухэм къыфполIэ

Республикэм и щIыхьэ!

«Урысей зэкъуэт» партым и Унафэщым и щIыналъэ жылагъуэ егъэблэгъаПIэм щIыхьэхэм тэнджэщ щрат и Iуэхущапи э сабий зеиншэхэр, адэ-анэхэм ямыпIыж сабийхэр кьэзыщтэну хуейхэм кьащыпоплъэ. Сабий зыпIыну хуейхэр щыгъуазэ ящIынущ сабий зеиншэхэр, ныкъуэдыкъуэхэри яхэту, зэшхэм щыгъуазэ щIыхэм къэралыр кьаэрыдэIэпыкъуну щIыкIэм.

2013 гъэм гъатхэпэм и 22-м сыхьэтитIым нэс Налшык къалэ, Лениным и проспектым тет 48-нэ унэм кьащыфполIэ фи упщIэ псоми жэуап кьэзытыфыну Iэщ Iагъэлъэхэр.

ФыщIэупщIэ хьунущ мы телефонымкIэ: **(8662) 77-00-40.**

Дунейм щыкъэIэархэр

«Дэфтэрхэр вгъэхьэзыр»

Путин Владимир дыгъуасэ Iуащ Сабийм и хуитныгъэхэр хьумэным пыщIа Iуэхуэхэр зэкIэлъыгъэкIуэу УФ-м и Президентым деж щыIэ Астахов Павел.

Къэралым и Президентыр щIэупщIащ я Iуэху зыIутхэм, сабий зеиншэхэм унагъуэ ягъуэтыным нэхъ тригъащIэу.

«Сабий къащтэну хуей зэщхьэгъусэ мин 18 гъэм щыту ятхат ильэсым и пэщIэдзэм ирихьэлIэу. Ауэ абыхэм я дуней тетыкIэр зыхуэдэр, сабий ахуэпIынэхуэмыпIыныр кьыщыгъэльэгъуа тхыгъэхэр зы щыпIэм щыгъэхуэхэсакъым. Сыт хуэдэ щIыналъэми щыдиIэщ сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм я нэIэ щIэмытыжхэм ятеухуауэ дызыщыгъуэзэн хуей тхыгъэхэр. Иджы зздгъэпэщыну кьытпощытщ сабий къэзыщтэну хущIэкъуэ зэщхьэгъусэхэм я псэукIэм, я хьэл-щэнхэм ятеухуа хьыбархэр зэрыт дэфтэрхэр», - жиIащ Застаховым.

«Ар эзбгъэпощыну гугъуэкъым, фи лэжьыгъэмэ кьыщыфхуэщхьэпэнт», - кьыхигъащащ Путиным.

Мэлхэм «ныбжьэгъу» яхуэхъуащ

Инджылызым хыхьэ Саффокл графствэм щыщ жылагъуэхэм ящыщ зым и мэлыхъуэ Кэшпел Эндрю и гуарэр зы пщэдджыжь гурым щибжьым ильэгъуар гъэщIэгъэныщэ кьыщыхьащ - мэлхэм щыхь щыр щыкIу яхэт.

Мэлыхъуэм зэрыхуигъэфащэмкIэ, щыхь хьэпэ а щIыпIэмкIэ щыблэжьым а щыр щIыкIур кьакIэрыхуауэ кьыщIэкIынущ. Иджы ар мэлхэм хьарзынэу яхэзэгъащ - ахэр зэгуэр и хамэу щытауи кьыгурыIуэхэу кьыщIэкIынкъым. Уеблэмэ аргуэру гъуэщнкIэ щыиэу фэ тетщ.

Гъатхэм Эндрю и мэл гуартэр и гъусэу гъэмахуэ псор щрахыну хьупIэхэм кIуэнущ, ауэ я «хьащIэр» здащэ хьунукъым. Ар щогугъ абы ирихьэлIэу щыхь хьупIэр я кьуаджэмкIэ кьыбгъэкIыжу, я щIэжьей цIыкIури здащтэжыну.

ЦIыхум и гур иризэпхьуэкI хьуну?

Японием и еджагъэшхэхэм дунейм щыящыр цIыхуту «къагъэкIащ».

Кнотэ и университетым щыщ еджагъэшхуэхэр илъэс куэдкIэ елэжьащ цIыхум и гур зэрызэпхьуэкI хьун Iэмэпсымэ къагупсысыным. Иужьым клеткэ мыхъуахэм («стволовые клетки» жыхуаIэхэм) ехьулIэныгъэ кьыхуахьащ. Абыхэм езыхэм зыкъагъэщIэрэщIэжьыф, клеткэщIэхэри кьагъэхъуф.

ЩIэныгъэлIхэм зэкIэ ящIэркъым ар цIыхум и гум и пIэкIэ ищIхьэ хьунуми. «ГущIэр» кьагъэсэбэпурэ, абыхэм къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ, ар цIыхум и Iэпкълъэпкъым зэрыпкърызэгъэн Iэмал кьалыхьуэу.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 16, *щэбэт*

t 1895 гъэм Москва трамвай гъуэгу ухуэн щыщIадзащ.

t 1936 гъэм Горький автозаводым япэ автомобиль псынщIэр - «М-1»-р - кьыщIигъэкIащ.

t Экономикэ щынагъуэнщагъэмрэ Iулъхьэм ебэныныжмкIэ управленэ нэхъыщхьэу УФ-м и МВД-м щыIэм Экономикэ щIэпхъаджагъэхэм ебэныныжмкIэ и IэнатIэр кьыщыдзэгъэнэщащ махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм зэрыщыту, а хьэл-щэнхэм ятеухуа хьыбархэр зэрыт дэфтэрхэр», - жиIащ Застаховым.

«Ар эзбгъэпощыну гугъуэкъым, фи лэжьыгъэмэ кьыщыфхуэщхьэпэнт», - кьыхигъащащ Путиным.

Гъатхэпэм и 17, *тхьэмахуэ*

t **Планетарийхэм я дунейпсо махуэщ**

t 1805 гъэм Дельпоццо И. П. Къэбэрдейм и пристав нэхъыщхьэу къагъэкIуащ.

t Адыгэ Республикэм и цIыхубэ сурэтыщI **Дыгъужь Мыхьэмэд** и ныбжьыр ильэс 75-рэ проку.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэрэ кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 10 - 11, жэщым градуси 14 - 19 щыхьунущ.

Гъатхэпэм и 18, *блыщхь*

t 1913 гъэм кьызэIуахащ Налшык округым и лъэпкъхэм я япэ сыездыр.

t Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIэ, ЩIДАА-м и академик **Хъупсирокъуэ Хьысыр** и ныбжьыр ильэс 83-рэ проку.

t 1932 гъэм кьалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIэ **ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэрэ кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 3 - 4, жэщым градуси 3 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырыр **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариэт.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бэр зэщIэхъаемэ, щIыр къагъэхъеи.

■ Зэ1ущIэхэр ■ Махуэгъэпс ■ Хъыбар гуапэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Щэбэт къыдокIыгъуэ ■ Малъхъэдис

• Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизион

ПощIэ епIанэ джэгугъуэ «Спартак-Налшык» - «СКА-Энергия» (Хабаровск)

Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 18. Сыхьэт 18-м.

Инвестицэхэмкіэ агентствэрщ кластер политикэр пхызыгъэкіынур

(Кіэухыр. Пэщіэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щекіуэкіа зэіуцІэм хэтахэм кышэральытэмкіэ, республикэм и экономикэм инвестицэхэр къыхэухэщІэгъэуІуэныжмкІэ эхкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ налогхэм я льэныкъуэкІэ льготэ зэмылІэужьыгъуэхэр гъэувыныр. Апхуэдэм деж псом япэу кьалытэн хуейщ инвестицэхэр зыхуэдизыр, абыхэм бюджетым, социальнэ Іэнатіэм яхуэгъэзауэ яІэну сэбэпынагъыр, нэгъуэщІу зэпыІэмэ, бюджетым и Іэнатіэ зэмылІужьыгъуэхэм я Іэрыкьуэкіа налогхэр зыхуэдизымрэ лэжьапІэ Іэнатіэщіэхэр кьыхэрыІэрагъэпэщынмрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм кьыхэрильытэмкІэ, гулыитэ хэха хуэщІыпхъщ Агентствэм иригъэкІыжкІ инноваци лэжьыгъэм. Ар хуэунэтІын хуейщ инженер, гъуэгу инфраструктурэ хэлъ зиІэ, языныкьуэкІэ ирагъэкІыжкІ. АпхуэдизкІэ зыхэт индустриальнэ, технологие парк ящІэ зэтегъэувэным. «Агентствэм и зэфІэкІыр хуигъэпсын хуейщ щІыналъэм и промышленнэ Іэнатіэхэм инвесторхэр кьешэлІэным. Абы и кьалэнщ республикэм и кластер политикэр пхыгъэкІыныжмкІэ пашэныгъэр иубыдыну, инноваци, промышленнэ зыужьыныгъэр щІэгъэхуэбжьэныжмкІэ эхкІыпІэу щыІэр кьыхэщІэгъэІуэну, апхуэдизу инженер, транспорт, социальнэ инфраструктурэ зэтегъэувэным инвесторхэр кьыхуэщІэзыгъэуІуэ кьаруэу увыну», - кьыхихэщхьэхуІкІщ Кьанокьуэ Арсен.

Зэіущэм кьыщащтащ концепцэр зэрагъэзэщІэну схемэр. Абы ипкъ иткІэ, лэжьыгъэхэр зэрыраГъэжьІэкІынур зэмылЫужьыгъуэ зэщхьэщыхьуэ щытынущ. Республикэм нэхъ кьыщезэгъыну кьалытэ проектхэр ягъэзащІэ хьунущ ахэр кьыхэзыльхьахэмрэ КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьныгъэмкІэ и агентствэмрэ зэхаль хьхьшмкІэ, апхуэдэу нэгъуэщІ хэкІыпІэхэр зиІэ ахьшхэмэ я хьжькІэ.

Проектхэр кьыщыхихкІэ Инвестицэхэмрэ зыужьныныгъэмкІэ агентствэм япэ иригъэщынущ КъБР-м и щІыналъэм щагъэзэщІну проекту ани инвестицэ уасэр сом мелуан 25-рэ нэхърэ мы нэхъ мащІэхэм щыщу трагъэкІуэда ахьшэр ильэси 7-м, я зыныкьуэхэм дежь ильэси 10-м щІымыгъэм кьэзыльэхьыжьыкьфынуэхэр. Проектхэр пхагъэкІын папщІэ Іуэхугъэ нэхъыщІэхэм ящыщу ар кьыхэзыльхьаи езым и ахьшэу а проектым и уасэм и процент 30 нэхърэ мы нэхъ мащІэ кьыхилъхьэфыну щытыныр. А псоми кьадэкІуэу, кьэгъэльэгъуапхъэщ Инвестицэхэмрэ зыужьныныгъэмкІэ агентствэм дэтхэнэ проектми хилъхьа ахьшэм и процент 20 нэхърэ мы нэхъ мащІэ ильэсым тещІыхьауэ хэхъуэу кьыІэрыхьэн хуейуэ эзрагъэувар.

Инвестицэхэр кьыхьыбзу зыхуаунэтІыпхъэу кьалытатэм ящыщщ агропромышленнэ комплексыр, инноваци лэжьыгъэр, промышленностым и Іэнатіэр, ухунэгъэ комплексыр, телекоммуникацэмрэ медиатехнологиехэмрэ, туризмыр, энергетикэм и Іэнатіэр.

Зэіущэм и кІэухым Кьанокьуэ Арсен КъБР-м и Правительствэм пщэрыльхьэ щІыналъэ КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьныныгъэмкІэ и агентствэр щыІэ зэнафэр зезыгъэкІуэ зэрагъэзащІэр иригъэкІыжу, дэтхэнэ муниципальнэ щІыналъэми и кьыхэщхьэхуКІыныгъэхэр кьэльытауэ, абыхэм я зыужьныгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэр иубзыхуну.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Щэбэт щІыхьэхум зыхуагъэхьэзыр

Іуэхугъуэ 15-м нэблагъэм щыхэплъа КъБР-м и Правительствэм зи чэзу зэІущІэр гъатхэпэм и 14-м иригъэкІуэкІащ абы и Унафэщі Хьэсанэ Руслан.

ЯпэУ псалъэ зрата, КъБР-м щІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиехэмкІэ и министр **Гызыев Берт** и гугъу ищІащ Урысей Федерацэм и Президентым пщэрыльх кьащищІа кьалэнкІэр гъэзэщІа зэрыкьхьум.

КъБР-м Іэкьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** Хэку зауэшхэм и ветеранхэм, зи щхьэгъусэр зауэм хэкІуэдахэм, ныкьуэдыкьуэхэм ядэІэпыкъун мурадкІэ Гъатхэпэм и 23-м республикэнсо щэбэт щІыхьэху егъэкІуэкІыныр кьыхихьахьати, кьыхэхуэсахэм даІыгъащ. Тюбеевым кьыхэзыгъэльэгъуащ, щІыхьэхум кьыхэхэ ахьшэмкІэ Хэку зауэшхэм и ветеранхэмрэ зи щхьэгъусэ хэкІуэдахэмрэ сом мин тхурыкьуитІ зыщІагъэкьуэну я мурадщ.

- Ди жагъуэ зэрыхьэщІи, ди ветеранхэм я бжьыгъэр 896-рэ хьужу араща, - жиІащ Тюбеевым. Щэбэт щІыхьэхум, хабзэ зэрыкьуэм тету, Іуэхущапіэ псори хэтщ, абы щыхьу мин 80-м нэблагъэ кьыхэзыгъебыдэ. Ильэс кьэс едгъэкІуэкІ щІыхьэхуэхэм сом мелуани 10-м нэс кьыхоКІ. Нэгъабэ апхуэдэу ветеранхэм сом мелуанилІым щІигъу еттащ. ЩІыкьэхум щалэжьыныр зыубзыхуэр кьалэ, куей адміністрацэхэм я унафэщІхэщ.

Нэгъабэ мэкъуэуэгъуэм и 7-м щыІэ уэшхыщхэмрэ уэмрэ Щэджэм куейм щыщу хэщІыныгъэ эритахэм, зи унэр икьутахэм ядэІэпыкъунымрэ теухуауэ министрым кьыхихьарби кьыхэздащтащ.

Зэіущэм и гугъу щащІащ Іэщхэм я гъэмахуэ хьупІэхэр и зэманым гъэмахэзыщІым екьэлІауэ лэжьапІэхэхэм. Мы гъэм апхуэдэ хьупІэхэм щалыгъыну я мурадщ Іэщышхуэу мин 30-м щІигъу, мэзи минищэм нэблагъэ, щыуэ мминихьм нэс.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан** сабийхэмрэ я ныбжьыщІэхэмрэ папщІэ щыІэ тхьылъхэм я тхъэмахуэр кьыхэзгъэпэщыным ехьэлІауэ я ІэпэсэлъащІ. Мы Іуэхур 1943 гъэ льандэрэ сабийхэм я ныбжьыкъуэм ирагъэкІыжу щыІэ библиотекэхэм щарагъэкІуэкІ. Фырэм зэрыжиІамкІэ, а тхъэмахуэр Кьэрал концерт гъэльэгъуапІэм гъатхэпэм и 22-м кьыщыІэзыІуахьну я мурадщ. Абыкіэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэр, Тхакіуэхэмрэ Журналистхэмрэ я союзхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр кьаІэрыдгъэпыкьуэр кьыхихьащ. А тхъэмахуэм и кьуэцІкІэ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ республикэм их тхакіуэхэм я щІыпІэщ, тхьылъыщІэхэр ирагъэльагъунущ, «еджакІуэ нэхъыфІ» фІэщыгъэм щІэту зэпеуэхэр ирагъэкІуэкІынущ.

Урысейм и МЧС-м и кьудамэу КъБР-м щыІэм и Іэтащхьэ **Шагин Сергей** Новэ-Хьэмидей кьуажэм мафІэсгъэнкьыфІ Іуэхущапіэ (сом мелуанихьм нэблагъэ текІуадэу) щаухэну кьыхихьхьати, кьыІэхуэсахэр абы арэзы текъуащ.

Шагиным зи гугъу ищІахэм ящыщщ щыхуэхэр куэду здэщыІэщІипІэхэм мафІэс кьыщымыгъэхьыным ехьэлІауэ ялэжьащ.

- 2013 гъэм мафІэс щынагъуэншагъэ щымыгъэІэным сом мелуан 52-рэ хухахащ. А ахьшэмкІэ зи ныбжь хэкІуэтахэр, зи Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэхэр щапІ унэхэм мафІэсым зэрызыщащхьэмэ Іэмэпсымэхэр щІагъэувынущ. Егъэджэныгъэ Іуэхущапіэу 552-рэ республикэм итщи, абыхэм ящыщу процент 90-м щІигъур зэпэщ тщІащ, - жиІащ Шагиным. Абы и псальэхэм кьыхихьэщащ ЩыпІэ и администрацэхэм щыІэхэр жьыджэру кьаэзрыдэлажьэр. Псом япэ игъэщІыпхъэхэм я гугъу щищІым республикэм ит общежитхэм щхьэхэуэ кьытеувыЩащ. Апхуэдэ унэу республикэм 73-рэ итщи, 23-м студентхэр щІэсщ, адрей 50-р муниципальнэ Іуэхущапіэхэм яйщ. 2012 гъэм еджапІэхэм я общежитхэм 23-р щыІэ мардэм изагъэу кьыхэзгъэпэщащ, абы текІуэдэр псом мелуанитщым ноблагъэ. Шагин Сергей зэрыжиІамкІэ, 2013 гъэм псом мелуан 30, 2014 гъэм - псом мелуан 40 хухахыну кьагъэлъэгъуащ, апхуэдэу екІуэкІмэ, я мурадхэм Іэкіэ теІэбэнщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Хъыбар гуапэ

ПлІэнейрэ цІыхубэ артист Нэхущ Чэрим

Ди республикэми гъунэгъу щІыналъэхэми фІыуэ кьыщащІыху уэрэджыкІакІуэ цІэрыІуэ Нэхущ Чэрим и пщыхь ГъатхэпІэ маэзм и пэщІэдзэм Черкесск кьалэм щекІуэкІащ.

ЦІЫХУШХУЭ щыІэхуэса пэшым, псори щыту ирагъэбІэгъащ фІыуэ яльагъу артистыр. Нэхущым, зэрыгурыІуэгъуэщи, и закъуэтэкъым, цІыху 70 хъу и лэжьэгъу гупыр щыІагъут.

Куэдым фІыуэ яльэгъуа уэрэдхэр, кьэрэшеибэжьІэ игъэзэщІари хэту, пшыхьым кьрихьэлІаэхэм ящриІа нужь, Чэрим япэу утыку кьрихьащи и ныбжьэгъу пэжу щыта Хьупсырокьуэ Назир и фэепІь уэрэд.

Концертым и кІэух хьуащ Іуэху гуапэ: Нэхущ Чэрим кьыфащащ «Къэршей-Шэрджэс Республикэм и цІыхубэ артист» цІэ льапІэр. Иджы ар Адыгэ, Ингуш, Кьэбэрдей-Балъкэр, Кьэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цІыхубэ артистщ.

КІУЭКІУЭ ХьІишэт.

● Жьыщхъэ махуэ

Жылагъуэм гу зылъитахэр

«Фейдэ кьеГъэщІынымрэ пымыщІэ Іуэхущапіэхэм ехьэлІауэ лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьэн хуейщ», - щыжиІащ КъБР-м цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ дин зэгухьэныгъэхэмкіэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Кьумахуэ Мухьэдин апхуэдэу Іуэхущапіэхэм я унафэщІэм щаІуэзам.

ЗэІущІэм зи гугъу щащІар 2012 гъэм кьэралыр зыдэЗІепыкьуахэм яГъэбелджыла лэжьыгъэхэр гъэзэщІа зэрыхуэмрэ 2013 гъэм абыхэм ирагьну мыпкьуэрэщ. КьищынэмыщІауэ, кьрихьэлІаэр тепсэльыхьащ апхуэдэ Іуэхущапіэхэмрэ кьэралымрэ зэрызэдэлэжьэну щІыкІэхэм, жылагъуэ жьыджэрагьым хэгъэхьуа зэрыхъунум, нэгъуэщІхэмри. 2013 гъэм мазаем и 26-м КъБР-м и Правительствэм кьыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, УФ-м Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и чэнджэщхэр и лъабжьэу яубзыхуащ дяпэкІэ ахьшэр зэратыну щыкІэр. Абы зыкІи нэхъ гугъу ищыІыкъым Іуэхущапіэхэр зыхэзтын хуей зэрелъэр.

Нобэкіэ, КъБР-м жылагъуэ зэгухьэныгъэу 800-м щІигъу итщ. Дин, профсоюз зэгухьэныгъэхэр хэбгъэкІмэ, 200-м нэблагъэм я лэжьыгъэр жьыджэру ирахьэкІ. Фейдэ кьеГъэщІынымрэ пымыщІэ Іуэхущапіэхэм 2013 гъэм бюджетым кьыхэкІыу иратынур щагъэбелджылыкІэ, Цыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкіэ министерствэм гульитэ щхьэхуэ хуищІынущ илъэс кІуам жьыджэру лэжьахэм.

Зэіущэм кьыщыхагъащащ пенсионерхэм ядэІэпыкьуным, компьютер Іуэхум хуегъэджэным хуэгъэпсауэ «Урысейм и Пенсионерхэм я союз», «КъБР-м и Пенсионерхэм я союз» зэгухьэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Кьапщтэмэ, абыхэм я фІыгъэщ нэхъыщхьэм ящыщу 120-м нэблагъэм компьютер кьагъэсэбэпыф зэрыхьуар. Апхуэдэт КъБР-м и сабий-ныбжьыщІэ спорт зэгухьэныгъэхэм хэтхэр зыдихьэх Іуэхум фэбжь кьаІэтащ папщІэ «Институт транспортно-коммуникарныхь технологий» зэгухьэныгъэм игъэзащІэ лэжьыгъэр. Абыхэм сабийхэм ядэлажьэ гъэсакІуэхэр, психологхэр, медицинэм и лэжьакІуэхэр хуэгъэджащ ныбжьыщІэхэм фэбжь ирамыгъэгъуэтын папщІэ зэрыхуэсакьыпхьэхэм, нэгъуэщІхэми.

Кьумахуэ Мухьэдин зэІущІэм кьрихьэлІаэхэр кьыхуриджащ кьэралым зэрыдэлажьэм кьищынэмыщІауэ, езы Іуэхущапіэхэмэ зыр зыщІигъэкьуэну. ХъыбарыщІэхэм зыщагъэгъуэзэнымкІэ, я лэжьыгъэр зэрэнсулъмкІэ цІыхухэм ядэГъуэзэнымкІэ сэбэп хьунущ нэгъабэ Бжьыхьэм министерствэм кьызэІуихэ **http/www.nkokbr.ru/** сайтыр. Ауэ псори зэльытар езы жылагъуэ зэгухьэныгъэхэрщ.

Зэіущэр Іуэху гуапэкІэ зэхуащІыжащ, «Жылагъуэм гу зылъита» зэхьхьэм и щыхь тхьылъэр зыхуагъэфэщащэм ирахыжащ. А зэхьхьэр кьыхэзгъэпэщащ Іэщэкіэ зэщІэуэзда кьарухэм кьыхэкІыжа офицерхэм я зэгухьэныгъэм и советым. Я кьару емыблІажу Хэкум хуэлэжьа, ивджьпстуи а Іуэхум зи гугъу хэзыльхьэ ІэщІагъэлі пашэхэм жылагъуэм и фІыщІэ гъатэсьан папщІэ кьызэрагъэпэщащу а зэхьхьэр. ЦІэ льапІэри, щыхь тхьылъэри зратынуэр кьызэзых Советым хэтщ академик Алферов Жорес, Совет Союзым и ЛІыхьужь Громов Борис, СССР-м и цыхубэ артист Лановой Василий, нэгъуэщІхэри.

КъБР-м щыщу пщІэ кьыхуащащ республикэм и Ветеранхэм я Советым и унафэщІ Шыхьуфэбахьуэ Мухьэмэд, «Урысейм и Пенсионерхэм я союз» зэгухьэныгъэм и КъБэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и тхьэмадэ Черкесов Георгий, Урыс щэнхабзэмрэ тхьэдэмрэ я «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Канунников Анатолий сыМ.

ПЩЫГЪУЭШ Іэсият.

● КъБР-м и прокуратурэм

Унафэ пыуыкІахэр къащтэ

КъБР-м и прокурорым и кьуэдзэ Махуэ Артур ГъатхэпІэм и 5-м иригъэкІуэкІащ терроризмэм, экстремизмэм, хабзэхьумэхэм, дзэ кьулькьыщІэхэм, судыщІэхэм ятеуэхэм япэщІэтынымкІэ, зэщІэуэзда щІэпхъаджащІэхэм еБэныжмкІэ Іуэхущапіэхэм я здэай лэжьакІуэ гупым и зэІущІэ.

ЗэхьхьэМ кьыщыхагъащащ бандэ щэхурлажьэхэм терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэхэр зэрахьэжкІэ щынагъуэ зэрыщыІэр. Гъунэгъу щынагъэхэм кьыщыгъэсэбэп Іэмалхэр зыхуэдэм тещІыхьауэ, терроризм щэпхъаджагъэхэр профилактикэ щынымь, кьэмыІэхьэным теуха лэжьыгъэр нэхь фейдэ пыльу яунэтІын мурадкІэ, унафэ пыуыкІахэр кьащтащ. Апхуэдэущ хабзэм кьеМыэзэтыну зыужьыгъэ зыпхъэ гупхэм хэтхэм я Іуэхущапіэм пыща уголовно-правовой пщалъэхэр кьыхэзральытэ щыкІэр. Зэіущэм кьыщагъэльэгъащ щхьэрыуахэр, ягъэжьжьауэр мамыр гъащІэм хэщэжьжьымкІэ щыІэ Іэмалхэм, абы папщІэ республикэм и Іэтащхьэм деж кьыщыхэзрагъэпэща Комиссэм зэфІэгъэкІэжм терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэхэр щызыгъэтыну зи мурадхэри, я Іыхьлыхьэри хэгъэгъуэзэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Хабзэм кьемыІэзэтыну Іэщэ кьэзыщта гупхэм яхьхьэхэм ильэсэ 5-м нэс тралъхьэ. Арамэ, щэпхъаджагъэ ямыІэжьамэ, хэгъэзыкьыныгъу кьекІуэлІэжу Іэщэр зыгъэтЫльхэм уголовнэ жэуапыр щхьэщах.

Зэіущэм кьыщащтащ кьапэщыт кьалэнхэр зэрыщыкІэр.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс Іуэхущапіэмэ.

● Гъатхэпэм и 17-р Сатум, цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ ягъэхуэзыщІэ Іэнатіэхэм, ЖКХ-м я лэжьакІуэхэм я махуэщ

Жэуаплныгъэр зыхащІэ

Ди щыхуэхэм а махуэр 1966 гъэ льандэрэ ягъэльапІэ. Пэжщ, абы щыгъуэ ар радзэгъуэм и еплІанэ тхьэмахуэ махуэм техуэрт, иджы ГъатхэпІэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэм хуоз.

КъыхэзгъэщІыпхъэщ ди кьэралми, нэгъуэщІ щІыналъэхэми я экономикэм и дежкІэ сатум дапщэщи кьаІэныщхуэ зэрыгъэзащІэр. Урысейм щиІэ зэпыщІэныгъэхэм Кьэбэрдей-Балькъэрым жьыджэру зрегъэужь. Апхуэдэ щІыналъэ зэхуаку зэхуащытыкІэ зэгурыІуныгъэхэр ди республикэм хьэралым и щыпІэ 20-м щІигъум ярищІыпащ. Аэр ирыгъэщІэн папщІэ, сату-экономикэ Іуэхуэхмкіэ и хэщІапІэхэр 2006 гъэ льандэрэ Урысейм и щІыналъэхэм кьыщызэІуех, хамэ кьэралхэмэ купщафІэу ядолажьэ.

Сатум, жылагъуэ щІыналъэхэм, потребкооперативэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и «Сатуущ» я зэгухьэныгъэ Іуэхущапіэм и унафэщІ Бекьалды Маритэ кьыхэзрыджиІамкІэ, рынокым кьыгъэувхэм, кьэралымрэ республикэмрэ щекІуэкІ социально-экономикэ зэхьэуКІынныгъэхэм я Іэнатіэхэр хьэрэзынэу хозагъэ. Я кьалэн нэхъыщхьэрэ зыщагъэгъпщэркьым. Нэгъабэ гулъитэ нэхъыбэ зыхуащІахэм ящыщщ профсоюзым хэтхэм, сатуущхэм я хуитныныгъэхэмрэ я сэбэп зыхьэлъхьэмрэ зыужьыныр, социально-лэжьыгъэ зэхуэцІытыкІэхэр зэхуагъэ хэлъу унэтІныныр, потребительскэ рынокым зегъэужьыныр.

Сом мелард 83-рэ мелуан 228,6-рэ я уасэ рознищэ сату нэгъабэ республикэм щыІэблагъэкІащ. АбыкІэ КИФПЩІ-м щыеплІанщІ. Сом мелард 18-рэ мелуан 849-рэ я уасэ Іуэху-тхьэбзэ щыкІуэхэм хуэзэфІагъэкІащ. Сатуущ организацэхэм я бжьыгъэм хэхьуэ зэпытщ икІи псапащІэ Іуэхуэхэм жьыджэру хэтщ.

ІуэхутхьэбзэщІапІэ зэмылІужьыгъуэхэр жьылагъуэхэм кьыщыщІыхьаж. Абдеж хуэмыІэуэ Іэщ Іэхьэ Іэщ Іэпкъ Іэр я деж ирагъэблІагъэ. Апхуэдэщ щырыкьыщІэхэр, дэрбэрэхэр, парикмахерхэр, абджэхьэльхьэхэр, нэгъуэщІхэри. Социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр кьапщтэмэ, ахэр республикэм кьэрал кІэхэнэ Іэнатіэу 22-м щыхэфІагъэкІ. Абыхэм ящыщу 19-р зи ныбжь хэкІуэтахэм егъэзыщІылащ.

ЖКХ-м и лэжьакІуэхэм кьалэн пыуыкІа зэфІахауэ я махуэм Іуощ. 2012 - 2013 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыным сом мелуан 484,7-рэ хуэхахати, псори кьагъэсэбэлащ. ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятэхэр нэгъабэ зэуІуу лэжьащ, республикэм щыхуэхэр псыкІэ, хуабжькІэ кьызэгъэпэщыным, щыпІэхэр зэІуэзэпэщ щыным, зэщІэжьуэным егугъащ. Я зэранкІэ Іуэхуэр щызэблэу кьагъэхьэуакьым. Апхуэдэ щыкІэжІэ, ЖКХ-м и Іэнатіэхэм сом мелардэ 2-рэ мелуани 166,2-рэ и уасэ лэжьыгъэ нэгъабэ кьрахьэлІащ, бюджетым хальхьэн хуейкъэ и чэзум хухахащ.

ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр реформэ щІыныжмкІэ щІэгъэкьуэн фондым и мылькуКІэ ирагъэкІуэжкІ лэжьыгъэм хохьэ уиІэ кІуэцІхэм щІэт тоК, хуабэ, газ, псы кІуэпІэхэм, зэбгрыщыпІэхэм я щытыкІэм кІэльыплъныныр, кьагъэсэбэпар зыхуэдизыр кьызэрапащ, кьызэральытэ Іэмэпсымэхэр гъэувыныр, лифтхэр, щІыуэнэхэр, Іуплъпіэхэмрэ унашхьэхэмрэ зехьэныр, зыужьуэ ягъэхуэзэным. А кьалэнхэр нэгъабэ уиІэ 60-м щызэфІагъэкІащ. «2011-2005 гъэхэм КъБР-м и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр реформэ зэращІынымрэ зэрыгъэзфІэкІынымрэ» республикэ программэ хэхьэ, ипкъ иткІэ, зи пІалъэр икІа псы кІуапІэхэм, хэщ, газ гуэшыпІэхэм ящыщ куэд яхьэжащ, нэгъуэщІ пщэрыльхэри ягъэзэщІащ.

Мы ильэсми ЖКХ-м и Іэнатіэхэр нэгъабэфэм кьыкІэрымыхуу, фІагъыр ягъэнэхэзэпэу мэлажьэ.

ХЬЭЖЫКІЫРАРЭ Алик.

«Іуащхьэмахуэ» и япэ къыдэкІыгъуэр

«Іуащхьэмахуэ» журналым мы гъэм и япэ къыдэкІыгъуэр дунейм кьытехьащ.

АР къыІэІуех тхакІуэ ЕлгъэР Кашиф ГъукІэлІ Батырбэч кьиІуэтэж итха «АдыгэлІымрэ адыгэшымрэ» тхьылъэмкІэ. Ар топсэльыхь адыгэм шыр фІыуэ ильагъу, зыпищІ щымыІэу зэрыщытам. Абы кІэлъыкІуэу фыкьеджэнщ Айтэч «А пщэдджыжь уэпсейм...» зыфІища и рассказым. Тхыгъэр зи Іэдакъэщ Іэкім зэрыжиІэмкІэ, мыр кьэхуа Іуэхуш: Налшык щыдэкІыжьым, нэмыцІхэм пединститутыр кьагъэуэну зэрамурадар, уеблэмэ абы псори зэрыкъагъэхьэзырыр еджакІуэ щыкІуэщым кьыІэпэуадащ, институт унэм щІалъхьа лагъыщым екІуалІэ кІапсэр зэпэущІри.

«Іуащхьэмахуэ» журналым еджэжьм я тхыгъэхэр» Іыхьэм щІэгъэкІыгъэуэ зэрамурадар» республикэ программэ хэхьэ, ипкъ иткІэ, зи пІалъэр икІа псы кІуапІэхэм, «Уэрадж» си пащэр рассказэр.

Красноярск щыщ тхакІуэ-журналист Майстренко Валентинэ 2009 гъэм кьыдигъэкІащ «Насып Іуащхьэ» («Гора счастья») документальнэ повестыр. Ар теухуащ Урысейм и цІыхубэ суратыщІ, Кьэбэрдей-Балькъэрым щІыхь зиІэ и сурэтыщІ. Хуэфащэхэм ящыщу Урысей Академиемрэ ЩІДА-мрэ я академик, профессор Пащты Герман. Ди льэпкъэгъуэ иужьрей ильэс 20-м Красноярск кьалэм щопсэу. Журналым тридзащ Майстренко и лэжьыгъэм щыщ Іыхьэхэр.

Хьэтыкъу Владимир Урожайнэ кьуажэм щыщкьуащ. Кьэбэрдей-Балькъэр журналистым физикэм щыухуеджащ. Иужькіэ аспирантурэр Москва кьыщиухри, кандидат лэжьыгъэри щыпхэнэжкІащ. Хьэтыкъуэм Налшык дэт курыт еджапІэ №4-м щригъэджащ, иужьрей ильэс 35-м ди университетым щолажэ, идкьыпсту кафедрэм и унафэщІ. Владимир я зэрыстатьяхэр уэ етх, ауэ идкьыбгрэ кьэс утыку кърихьакьым. Журналым мы кьыдэкІыгъуэм тридзащ Хьэтыкъу Владимир и уэс Іэрэмэ.

Адыгэ щэнхабзэм, литературэм гуащІэдзэкІыштхэ хэзыльхьа Кьарджангъуэ Зырамыку кьызэральхуэр ильэс 95-рэ иригъащ.

Абы тепсэльыхьу журналым тридзащ Нало Заур и «Кьарджангъуэм и батырыбжьэ», Іутпыж Борис и «Хэкуль» тхьылъэхэр, Гъут Іэдэм и гукъэкІыжхэм щыщхэр, Шэрджэс Алий Кьарджангъуэм фэепІлу хуэщІа Къуэдз щыІакьым» уэсэр, апхуэдэущ итщ «Хьэкум и гъыбзэ» и гъыбзэ уэрэдыр.

Балькъэр усакІуэ Додуев Аскэр и ныбжьыр ильэс 60 иригъащ. Журналыр Аскэр йохьуэхьу икІи и уэс зыбжанэ Елгъэр Кашиф, Бицу Анатолэ, Уэрэсей Афлик сымэ зэрадзэкІауэ тредзэ.

Урыс-Кавказ зэрэзэгъуэжьрэ ильэсэ 150-рэ щрикъум инэхьэлІэу журналым тридзащ Лапинский Теофил 1863 гъэм итха «Кавказ бгырыысэмрэ абыхэм я хуитныныгъэм пащІэ урысхэм зрагъэкІуэкІа бэнэныгъэмрэ» лэжьыгъэм щыщу «Пщыкъуий и яужь зекІуэ» жьхуэІэр, офицер заузлІым и гукъэкІыж «Пасхэ» щІэсщ.

Хэкум и хьумакІуэхэм я махуэм ирихьэлІэу журналым тридзащ Зеикъуэ кьуажэм пщІэрэ щыхьэрэ иІэу дэса Хьэфыщ Хьэзиз и гъащІэ гъуэгуанэм Ует Ахьэнбий тритхьыхьа «Хьэзиз» тхыгъэр.

Губэщыкіэ Владимир и Іэщ Іагъэкіэ юристщ, республикэм и хабзэхьэмэ Іэнатіэхэм кьалэнышхуэ зыпылъ лэжьыгъэхэр ильэс куэдкІэ щрихьэкІащ, иужьрей ильэс 20-м Урысей Сбербанкым и Кьэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и унафэщІу щытащ. Сыт хуэдэ Іэнатіэ гъэрытами, адыгэ хабзэм, тхьдэм техуауэ, гъащІэм хэзыщрихьэлІэ мыхьэмыщІагъэхэм тегъэзвыху, абыхэм ехьэлІа гупсысэхэр итхыу кьеКІуэкІащ, ахэр щызэхуэхьэса тхьылъи ильэсиплІ и гъащІэ кьыдэкІыу щытащ, жьыгъэуэрэр зрэтхьылъщІэр иджьыблагъэ нухащ. Губэщыкіэм и лэжьыгъэщІэм журналым фыщегъэхуэзащ.

Ащхьэм Руслан и сонетхэр щызэхуэхьэсауэ кьыдэкІа тхьылъщІэр зэпкърех Шащэ Алик и «ГупсысэщІэхэр къэзыгъэущ» тхыгъэм. «Хьуэжэ и кузбжэ» Іыхьэм фыкьыщеджэнщ Кьардзангъущ Зырамыку итхыжкъуэ щІэта гушыІэ зыкІэбархэм, АпажэАхьмэд и «УщыщІанкІэр кьыппокІыжьыкъ» пьесэ щІыкІыр.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● Спорт

Джэду Іэниуар



Урыш Анзор

Джэду Іэниуаррэ Урыш Анзоррэ Тбилиси макІуэ

Гъатхэпэм и 19-24-хэм Куржым и кьалащхьэм щекІуэкІынущ гъбэкІэ хуитныныкІэ, альадж-урым бэнэкІамкІэ, цІыхубэ бэнэкІэмкІэ Европэм и чемпионат.

БЭНЭКІЭ хуитныкІэ Урысей Федерацэм и щІыхьэр яхьуэмэну дзыхь хуащІащ килограмм 74-м нэс зи хьэльагъэхэм я зэпеуэм хэтыну Джэду Іэниуаррэ килограмм 84-м нэблагъэхэм енькьуэкІыну Урыш Анзоррэ.

Европэм и чемпионатым хэтыну Джэдуррэ Урышымрэ хуитныныгъэ кьэхьащ мы гъэм и пщІэндзэм Ярыгин Иван и щІыхькІэ кьыІэзрагъэпэща дунейпсо зэпеуэм зэрыщытекІуам и фІыгъэкІэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Ныбжьыщ1э 200-м щ1игъу хэту

КъБР-м Спортымрэ туризмымкІэ и министерствэм ныбжьыщІэ 200-м щІигъу зыхэта спорт зэхьэзэхуэу зэмылІэужьыгъуэхэр гъатхэпэм и 6-11 махуэхэм иригъэкІащ. Щыхуэзэщ я дунейпсо махуэм и щыхьэІэ студент щІэныгъуэлэм бильярдымкІэ я зэпеуэ, Афганистаным щыхэкІуэда зауэлІ-интернационалистхэм Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ я фэепІь зэхьэзэхуэу, щхьэзакьуэрыбанэ зэхэтымкІэ республикэ чемпионат, самбомкІэ Кьэбэрдей-Балькъэрым и еджакІуэхэм я спартакиадэ кьыІэзрагъэпэщащ.

НАЛШЫК кьалэ и «Классик» клубым щекІуэкІа бильярдымкІэ зэхьэзэхуэм япэ уВыпІэр кьыщихьащ КъБКъУ-м и студент Шокьарэ Болэт. ЕтІуанэ хьуащ ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ящхьэрэ институтым щеджэ Лэкъун Азэмэт. КъБКъУ-м щІэс Шадз Астемыр ещанэ уВыпІэр кьихьащ.

Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ зэпеуэм я зэфІэкІ щагъэльэгъуащ спортсмен ныбжьыщІм 100-м. Ахэр гупищу зэщхьэщыкІырт: 12-13, 14-15, 16-17 ныбжьэхэм итхэр. Абы щытекІуащ Куба кьуажэм кьиикІа гупыр. Кьулькьужьын щыщхэр етІуанэ хьуащ, Аршыдандэхэм ещанэ уВыпІэр ялыбгъащ.

Щхьэзакьуэрыбанэ зэхэтымкІэ зэхьэзэхуэм и япэ зэІущІэхэр «Налшык» спорт комплексым, кІэух зэпеуэхэр Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ и унэм щекІуэкІащ. Абы хэта спортсмен 70-м нэхьыфІхэр кьыхахри, мэлыкьыхьым и 24-м Псыхуабэ щызэхьэхьыжу Кавказэ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и чемпионатым республикэм и щІыхьэр щызэхьэуІмэну командэр зэрагъэпэщащ. Гуп кьыхэхам хагъэхьащ япэ, етІуанэ уВыпІэхэр кьэзыхьа спортсмен 12. Ахэр Батэ Алим, КІэрэф Азэмэт (кг 65), Хьэтыкъу

● Іуэху еплъыкІэ

Сатэней и нэзкІапэ, Бэдынокъуэ и пшапэІус

Адыгэбзэ псалъалъэ иужьрейуэ кьыдэкІам псалъэ 31000-рэ итщ. Абыхъм ящыщу ныдэмыгъэссэбэпыр куэдыкІейщ. Щхьэусыгъуэри кьыэ-ригуэкІщ: псалъэр зэхьэлар ди гъащІэм хэтыкъым (ар хьэпшыпым е лэжьыгъэм епхауэ ирехьу) е апхуэдэ псалъэ зэрыщыІэм дыщыгъуэзэкъым.

Хамэ хьэралыбзэкъм кьыхэкІыу, техникэм, нэгъэщІ кьинэмыщхэм епхауэ ди бзэм кьыхьыхьэхэр апхуэдизкІэ куэдщ, кьыхьыхьэну «бжэм кьытеуІуэхэри» нэхъ мащІэкъыми (щІэныгъэм щІэуэ щыхуІэ эпІэм кьритым епхауэ), уегъэгъуазэ. Бзэм и кьарур куэдрэ хуриІэуну пІэрэ, дэ зедгъэлэлІэфыну ар кьедгъэпшыным, хьэмэрэ нэмыщ, франджы, инджылыз, япон, хьэрып псалъэхэм ди анэдэлхубзэр щхьэунаэз едгъэщІыну?

НэгъэущІхэм ейр кьэтщтэнкір тынш дыдэщ, «представляешь, даже кьеплъэкІакъым ар си дежкІ» псэлъэкІэм хуэдэм хуэкІуа ди нэхъыжьхэми нэхъыщІэхэми ар нэхъ кьыхахыу кьыщІэкІынт, «адыгэбзэр кІуэдыкхэм ящыщщ, сыт абы лейуэ гугъу зыщедгъэхьыжкІэ», жаІэу уагъэкъуэнщэжыну хэту. А гупсысжкІэм дытетмэ, ди Іэр зэтедзауэ дыщысу тшхынури щыттІэгъэнури, машинэри, жып телефонри нэгъэущІ кьэралхэм кьыттракІутэнщ (и нэхъыбэкІэ абы дыхуэкІуагъэххэщ). Ауэ зиІэр зымыхьумэ, зызымыуэзщІ, лэжьыгъэмрэ щІэныгъэмрэ гугъу зыдедэмыгъэхьым кьыпэплъэр сыт? Акъмыкъыгъэщ («тупость» жьауэАрщ). Абыхъм ящыщу Іуэхунщэрэ фадафэрщ (мы жьыСЭм и нэщэнэ фльагъуркъ??).

Иджы бзэм дежкІэ дгъэззжьнщ. ЩІэныгъэм кьиГъэщІ Іуэхугъуэрэ Іэмэпсымэу ди гъащІэм кьыхьыхьэр апхуэдизкІэ куэдщи, мелуан бжыгъэкІэ цІыхущхьэ зиІэ лъэпкъэр игъэгъуэвэ хьуащ ар я бзэм кьыхуэмыгъэІурыщІэнкІэ е я анэдэлхубзэр нэгъэщІ бзэхэм кьыхэкІа псалъэхэмкІэ «куда» хьункІэ. Кьапщтэмэ, сэ згъэщІэгъуащ Тыркум кьиІэпхъыкІыжауэ ди гъуэу лажьэ Хьуажь Фахъри жиІар. КьыэзрыщІэкІымкІэ, компьютерыр кьыщежьэм, абы хуэкІуэн псалъэ тыркуэхэм кьаГъуэтащ икІи ар псоми кьаГъэсэбэп хьуащ. Мелуан 60-м зэрынэхьыс франджыхэм я правительствэм терминхэмкІэ комиссэ егъэлажьэ. ЖыпІэнуэ, апхуэдэ комиссэ эмиЖ» кьэралы-гъуэкір нэхъ кьебжэкІыгъуафэщ зиІэхэм нэхъ-рэ. НэгъуэщІуи хьунукъым, бзэхэр тхьумэну дыхуейм.

Си иэгу кьыщІызогъэхьэ «компьютер» псалъэм хуэкІуэн кьэтпльхьуэн хуейІу зыгуэрым жиІауэ. Сыт ди быныр гугъу щІедгъэхьынур, тыншкъэ компьютер жьпІэмэ?- арагъэнщ адэ-анэхэм нэхъ зытрагъэщІэнур. Ауан хэльу псэльэни щыІэщ, ап-хуэдэ Іуэху щІызепхуэхъэхэм щымыІэу кьилъытэу. Ауэ мыр Іуэхум хэзымыщІыкІэ я зэдауэжкІэ кьебгъажьи бухьыжи хьуну кьыщІэжьынкъым. ТерминхэмкІэ комиссэ щыІэн хуейщ, КъБР-м и Правительствэм игъэлажьэу. Абы хэтыну тхакІуэхэр, усакІуэхэр, бзэмкІэ щІэныгъэлІхэмрэ журналистхэмрэ зэгурыІуэфынщ адыгэбзэм, балькъэрыбзэм я дежкІэ нэхъыфІым теухуауэ. Ауэ а комиссэр дызэримыІэуи, щІэнгъуаэз (энциклопедия), гъуазджэ (искусство), щыІуэпс (природа), нэгъэущІ псалъэхэри бзэм кьыщтащ. Нало Заур и тхыгъэ гъэрым сыщрихьэлІащ «хьуп-хьапІэ» (приз) псалъэм. Дыгъужь ФоІэд ейм хэтщ «пІэщІру» жиІэу (реакцэ кьикІыу). Си гугъу сша Хьуажь Фахьри сэнаушыфІэ (талантливый), уэщІэныгъэрылажьэ (метеоролог), гуащІэхуэгъафІэ (пенсионер), жьыуэпс (климат) псалъэхэр ди бзэм хэтыпхьэу кьелыыгъэ. Абы теухуауэ щІэныгъэлІхэм жаІэнур тщІэркъым, ауэ щІэнгъуаэзр ттхыуэ щІэдэдзэри ящхьэтащи, мыбыхэми «я насып» кьикІынри хэльщ.

Адыгэ псалъалъэр щІэздкъыкІыжащ, сыт кьыттхуэсэсэбэнну щыІэу, ди бзэм иІэ тхэпІуныгъэр «иджырей адыгэбзэм» сыткІэ щхьэпэну пІэрэ, жысІэри.

Зызумысыжьынщи, щІэ куэд кьэслъэгъуащ, уеблэмэ апхуэдэ псалъэм сызэрыщымыгъуаэзм сыщриухьытэжан кьыскъухуащ. Аха кьытхуэзыгъэнна нэхъыжьхэм я псэр гъэсыну ергъэнщ, хуэмыхуфи кьыдапІуу кьыскІыхъуащ. Псалъэм папщІэ, дапщэм ящІэрэ гладиолусым (нэгъэщІ уда дахэхэми) адыгэбзэмкІэ и цІэр, каретэр-щэ, купецыр-щэ, челкэр-щэ, пляжыр-щэ? Куэд мэхъу а «щэ»-хэр.

ЕгъэджакІуэхэм, быным адыгэбзэ дерсхэмкІэ дЗІэпыкъу адэ-анэм, телевиденэмрэ радиомрэ, газетхэмрэ журналхэмрэ я лэжьакІуэхэм кьаГъэсэбэп хьун псалъэхэу кьыскщыхъуу кьыхэстхыкІахэм фэри фриплъэну сыхуейт. Мыхэр псалъэ кьудейкъым, атІэ Іуэрыпуатэм, тхыдэм, щІэныгъэм, дыкъызытетхьыкІахэм я бзэм зэрыщагъэуэжьа щыкІэм гъэщІэгъэуэныщуэ хэльым ущыызыгъуаэзщ.

Гу лъывэзгъэтэнут плыыфхэмрэ щыхуэ Іэпкъльэпкъым щыщхэм зэрреджэмрэ. СызэрепльымкІэ, ахэр урысубзэкІэ нэхъ жьытІэ хьуащ, ди адыгэбзэр зыхуримыкъуащ. Бзэм хэтщ а псори, кьытфІэІуэхэуу утыку кьитшэжьым яужь дитынумэ.

ШИРДИЙ Маринэ.

● Фэеплъ

Ныбжьэгъум и усэхэр

Бажэ Хьэсэнбий Борис и кьуэр кьыщалъхуари, кьыщыхъуари Аршыдан кьуажэрщ. ШколакІуэу ар усэ, рассказ тхыным дихьэхауэ щытащ. ЕджапІэр кьиухри, абы дзэм кьулыкъу щищІащ. Армэ нэужьым уХуакІуэ ІэщІагъэ зригъэгъуэтащ икІи ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылэжьащ. Хьэсэнбий и унагъуэкІи дахэу кьекІуэкІащ. Зэщхьэгъусэхэм зы щІалэрэ хьыджэбзитІрэ зэдапІащ, ІэщІагъэ ирагъэгъуэтащ, унагъуэ хьужажэу мэпсэу.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъуащи, ныбжьэгъуфІу, кьуэшым хуэдэу, пэжу кьыздекІуэкІа Бажэ Хьэсэнбий блэкІа зэманым иту и цІэр кьисІуэн хуей хъуащ. Ар илъэс 60-м иту нэгъабэ дунейм ехьжащ. Хьэсэнбий тхыгъэ и куэдщ, икІи ахэр зы тхылъ цІыкІуу кьыдигъэкІыну и гугъащ. АрщхьэкІэ, уз бзаджэр кьытехьэлъэри, хуэсакъым. Си дежкІэ лъапІэщ абы и Іэдакъэщ Іэкіхэр. Мурад сщІащ Хьэсэнбий и фэеплъ абы кьиГъэна и усэхэр, рассказхэр щыізэхуэхьэса тхылъ кьыдэгъэкІыну. НэхъапэІуэкІэ абы и тхыгъэхэр газетхэм кьытехуауэ щытащ. Нобэ фи пащхьэм идолъхьэ си ныбжьэгъум и усэ Іэрамэ.

ГЪУКІЭ Хьэсэнбий.

БАЖЭ Хьэсэнбий

Истамбылакіуэ

Зэманым жаІэ гуауэр игъэхъужу,
ЛІэщІыгъуэ дыджыр гум иритхыкІыжу.
КьыгубщІи тщигъэгъупщжу
ар зэманым,
Гур кьеуэхун имыкІыжыну кьонэ.

Бгъуэтын адыгэ нхужьыну и гум
Лъэпкъыр зыгъэтхьэджа Истамбул
гъуэгур,
Инэралыжьхъэм я Іэрыкіыу
Ахьи лъы лъагъуэ іуэну дыдэкІыр?

Иджыри кьэскІэ гущІэм зыкъегъазэр
Зэхэри гъыбзэу щаусар тенджызым.
Сынынщэу щыжеяхэм хым и лъащІэм
Хуэщыгъуэм яус гъыбзэрн мымащІэ.

Щхьэхунтыныгъэр зи хъуэпсапІэр
Топыжьхъэм ящІ нэщэнэуапІэ.
ЩІалэ кьуданхэм я псэугъуэу
Щаухыр гъащІэр зауэ губгъуэм.

Хыр шыугъэ зыщІа нэпсыр
КьыізыщІэжар адыгэм я псэрщ.
Гъыбзэ яусхэм я єжьуэу
Сабий гъы макъэр кьеХь акъужьым.

Быдзышэм и пІэкІэ анэбгъэм
Кьиж лъыр мыжурэм и лъэужь уІэгъэщ.
И нэпс а лъым хэшпысьхьажыр,
Сабий мэжаліэм ирефыжыр.

Адыгэ тхыдэм и тхыдъ дыджым
Гур игъэуфІыщІуэр дыкъоджэ.
А тхылъым ит Истамбыл псалъэр
Ди нэпсхэм ахуэхъуащ гъэжалъэ.

Хьэдэ лъэмыжу Истамбыл гъуэгур
Зэпрыдзащ ди тхыдэ гуауэм.
Зэхэнгъауэрт уэгуми и нэгур
Хьэдэ лъэмыжьыр зи Іэрыкі зауэм.

Джатэ уІэгъэр мэкІыж зэманкІэ,
Псэм щымыкІыжыр хэкум техуа
дыркъуэщІ.
Кьыщымысхъами, тхыдэр удынкІэ,
Къэтэджьыжнуц лъэпкъым и лІакъуэр.

Сыхуейт къыщІэздзэжыну гъащІэм

Арат кьыщІэздзэжамэ гъащІэм щІэуэ,
И гугъуехьыр згъэвыжьыну пІуащІэу.
Гугъуехьыр иэсу зыхьыумыщІэм,
ГъащІэм и Іэфыр кьыпхуэмыщІэ.

СымыщІу зэн зым и жагъуэ,
Ныбжьэгъу къэсщІыжынт сиІар
жагъуэгъуу.
Дэхуэх къахэкІмэ, защІэзгъакъуэу,
Нэхъ сатьыгъуэзэнт си кьушхэм.

Меданыр зэпысшынт лІэщІыгъуэу,
Дакъикъэ къэс си дэрэжэгъуэу.
Гужьгъэжьым гур езмыгъэхуэу,
Сыдэпльынт сабий псэ кьабзэм.

Гукіэ Іэ ящэсльэу кьуршхэм,
Мывэ кьалэ сыхуэхьунт си лъахэм.
Адыгэхэр зы анэжьитъхуу
Изгъэсыжьынт я лъахэм гур щыпсэхуу.

Адыгэу щикъухьам мы Щы хъурейм
Сатъэйэсу, кьыщыскІухьынт дунейм.
Кьыдэсшэжьыфтэм ахэр адэжь жьэгум,
Пэхъ хунту бзуэжьынт, мыбампІэу си гур.

Адэшхуэм и гукъеуэ

Си адэшхуэр пщыІхьэпІэу солъагъу,
Жэщ кьэсхьыхуКІи, кьысхуохьу
уэрщэрэгъу.
ЖеІэр псори иГъагъуу, зэрищІэр
Зэрыдгъакіуэр купщІэншэу ди гъащІэр.

Нэпсеягъэм ди нэр кьыщипхъуэу,
Зэман псынщІэм дыкІэлъыщІопхъуэ.
Панэншагъэр ди мымэхъашэу,
ХэтІыхсьащ ди акъылым ахъшэр.

Имыгъаплъэу щхьэхунту ди нэр,
Иубыдащ ди гупсысэр шейтІаным.
Демыплъыххэу ар зэрынкІэм,
ГъаГъуныгъэр дохъуэжьр мылъкукІэ.

Кьыщыгъуэр фыгъэныр гу лъащІэм,
Гъэр дищІащ зэрыщІыту псынщІэу.
ПхуэмыуэтэщІын хуэдизу гуауэр,
Хэкіуэдащ ди адэшхуэр зауэм.

Къуэшыншэу мылъку зэзауэм
дыкъегъанэ,
Мылъку зимыІэр кьэтлъытэжкъым
къуэшу,
Бийри беймэ, зэрытщІым ныбжьэгъу,
ДигъэукІытэу ди гур иримыгъу.

Тедгъэзэжащ Истамбыл гъуэгум,
Мылъкум кьабзагъэр ирихъуэу ди гум.
Аращ жэщ кьэсхьун си пщыхьым
Гузавэу си адэшхуэр кьыщІыхьыхьэр.

Вагъуэзэшибл

Ямыізу зэн, зэн уэгум иж,
Вагъуэзэшиблэр и гъуэгу тетыжщ.
Ильэс мин Іэджэ хъуаэу уэгум
Кьеплъыхьыурэ, тхуаубзыху ди гъуэгур.

Кьысфіощ цыхьу гъуэгурэ и пІуасэу,
Я бзийхэр щым кьытрагъапсэу,
Ягъэкъуэшыныр я мыжагъуэ,
Вагъуэ пэлъытэу ЩІыр ятъагъуу.

Япэ лъэбакъуэ

Панэ-дадэ я псэ закъуэ,
Тегушхун, чы япэ лъэбакъуэр.
Ипэ лъэбакъуэр, апэ лъэбакъуэр
Чы, дуней псор ууейщ уи закъуэ.

Кавказым щыщ зауэлІхэр.
Сурэтыр зыщІар наІуэкъым.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Ягу ирихьами-иримыхьами сщІэркъым

Тенджыз ФІыцІэ флотым и унафэщІ, адмирал Лазарев Михаил (1788 - 1851) XIX лІэщІыгъуэм и 30 - 40 гъэхэм щхьэхунтыныгъэр зи гъащІэ гъуаэз, гъэІурыщІэгъуэй уБыхъэмрэ шапсигъхэмрэ мызэ - мытІуз зауэлІхэр кьанигъэувыну кьригъэтІысыкІащ, тенджыз ФІыцІэм Іуе адыгэхэр гущІэгъунщру гъэКІуэдыныжьмкІэ, урысыдзэм дЗІэщыкъуу. Ащхуэдэ «хьэщІэгъуэхэм» ящыщ зым хэтащ сурэтыщІ цІэрыІуэ, тенджызым и тепльэр Іэзэу кьэзыгъэльэгъуэфу щыта ермэлы щІалэ Айвазовский Иван (1817 - 1900).

1878 ГЪЭМ «Русская старина» журналым кьытрадза сурэтыщІым и гукъэкІыжхэм ящыщщ нобэ фи пащхьэ кьытлъхьэ пычыгъуэ кІэщІыр:

«Мэзым сыпхыкІа иужь губгъуэ хуитышхэм сыкьихутащ; зэхэуэ нэужьым мыпхуэдэ сурэтщ си нэгу щІэкІар: сэлэт гуп, бзэрэбанэ тес офицерхэр, игъэтІылъыкІауэ щылъ хьдэхэр, зыщыгъэщІэщІахэр. Си хьэпшыпхэр кьэзгъэхьэзырри, зы гуным сурэт ятесщІыкІыну сытІысащ. Абы хэту зы щэрджэс щІалэ кьызбгъэдыхьэри, кьызэмыупщІыжьыхэу, си сурэтхэр зыдэлъыр кьищтэри, и гъусэхэм яригъэлъагъуну ирихьжьащ. Си Іэдакъэщ Іэкіхэр бгырысхэм ягу ирихьами - иримыхьами сщІэркъым, ауэ щэрджэс щІалэм ирихьжьа сурэтыр лъы зацІэу кьызэрызитыжар сощІэж...

ЗекІуэм и феплъу а пІэкъым я «хьэлыр» кьызытещІыж сурэтыр сэ куэдрэ схьумащ».

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.
Прагэ кьалэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Тельыджэ

Хицужиямэ гъатхэм зыдещІ

ЩІымахуэм и хьэмтетыгъуэр зэрыхуэныкъо, ихьуреягъыр зэщІогъагъэ, зэщІопщІыпщІэ нэхэр игъэгуфІэрэ гум хуабагъэ кърилъхьэу. Абы щыгъуэм деж дунейм и дахагъыр зылъагъуну зи нэ къикІхэм Хицужиямэ (Hitsujiyama Park) япон хадэм зэ нэхъ мыхъуми зыщапльыхьыфамэ, сыту хъарзынэт!

ЯПОН щІыуэпсым и дахагъым кІэншэу утепсэлъыхьыфынущ. Уафэм хуеІэ бгы лъагэхэмрэ тафэм щыгъагъэ удз щхъуэкІэплъыкІэхэмрэ апхуэдизкІэ зокІупсри, дуней тельыджэм укъыщегъэхуэтэ.

Мэлыжьыхьым и кІэм щегъажьауэ накъыгъэм иху пщІондэ а хадэм и тепльэр дэтхэнэ зи туристым дежкІи гуакІуэщ. А лъэхъэнэм абы удз гъэгъахэм я фестиваль щокІуэкІ. Абы щыпльагъунур аэрыбгъу щхъуэкІэплъыкІэу узыІупльэ удз хьэсэ инхэм я закъуэкъым, атІэ скульптурэ «гъагъэхэми» урохьэлІэ.

Зи гугъу тщІы хадэм лІэужьыгъуйгъ хъу къыкІыгъэу 40000 итщ. Абы ущитым деж Дайсецузан бгым ухуоплъэ. Уэсым щІыгум щыгумрэ тюльпанхэр щыгъагъэ джабэмрэ къагъэщІ тепльэгъуэр гур зыхьэхущ.

Флокс зэмыфэгъухэм нэмыщІи, балией миным нэс итщ Хицужиямэ хадэм. Ахэращ езыр япон гъатхэ дэрэжэгъуэм дамыгъэ хуэхьужкри. Йошино балиейхэмрэ нэгъуэщІ лІэужьыгъуэхэмрэ я теплъэ, плъыфэ гуакІуэхэм зыри гупсэхуу къиГэнэнукъым.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Гупсысэр - псалъэкІэ

Пэж

СЫТЫМ ХУЭДЭУ си гум укъэкІа! Сынаджэ, сынэпльІуэ пэтми, уи ныбжь къудейм гущІэгъэншэу сыхуоГъныкъуэ. Узэхэсхыну, сыпІущІэну, си дуней гъащІэм укъыхэсшэну си нэ къызэрыхуикІыр зыхуэдизыр къыхуэмыІуэтэнкІэ сошынэ. Сошынэ, куэду сопІейтей афІэкІа зэи узэрызыхэзмыщІэжьыным, уэркІэ зэрызмыІуэтэжьыным теухуа гупсысэхэр си щхьэм къыщиджэразэкІэ. ЗэкІэ ущымщ, удзгу сэрощ. Уэрэ сэрэ дызэпжьыжьащ, дызэпжьжьащэщ. ЖьыбгъэмрэжьащІэмрэ яГъэфейцея си гупсысэхэм дыгъэпсу зэгуэр уакъыхущІэкІыжьным хэзмыхьажауэ згъэтІыгъуэ си гугъэ кІапэрщ теплъадж сфІэхьу си гъащІэм къару машІэкІэ къыхуэупсэжьыфу къыхуэнэжар. Нэ жанкІэ мы дунейр къэзгъэпльхьыфыну щыІэу къысщыхьур зы закъуэщ - уи закъуэщ, уи закъуэщІийщ. Закъуэныгъэр зэщІэзфэзэщкІэ укъыхэтэурэ си фэр ибох, укъыскуэхъукъым зыкІи бампІэдэх. Зи нэм бжэгъу ахуэхъу уи бий къомым я кІэн къикІауэ яуфэбгъуащ мы дунейр, къапльэнэфымрэ щІыІуэпщІышафэмрэ я фащэр хуэфІыпсу зыщатІэгъа дуней домбейр. Уи лъапсэр яунэщІыну щІэхъуэпсэм, уи лъабжьэр щІагъэхуу уи къуэпсыр яГъэгъуну щІэбэнхэм я мурадым гъуэгу игъуэтыикІэ зы Іэмали иІэкъым. Зэгуэр дуней жьэгум урижьантІэдзсу зэрыщытар, фІэщхъунагъэмрэ дахагъэмрэ я нуркІэ угуашэу къызэрекІуэкІар ихъуреягъым яІэщІэхужьпэмэ, мис итІанэщ щынагъуэм и лъахэм щхьэхуимыту дыкъыщихутэнур.

Уэращ, зи нэр щапхъкІыу щІэткІукІ-щІэсыкІыр къызыхуагъакІуэу щыхупІэм тІэкІу-тІэкІухэхуэр щхьэщашэ уэращ дыгъэм и гъэфІэн закъуэр, мазэм и гур щыз зыщІыжьыфыр, уафэм и фэр къизыгъэхьэжьфыр, щІыпІэм щызекІуэ псоми я лъэр щІэзыгъэкІыр. Уэ зыращ. ПщІэрэ, тегушхуэгъуафІэ узыщІа уи жагъуэгъу мыфэмыщхэм уаззратекІуэн, зэрыхэбгъащІэн къару лъэщ пкъуэлъщ уэ. ЕбгъэрыкІуэ, ищІыкІ, тегушхуэн зылъыгъэсыж тепщэгъуэр, си Пэж.

ЖАМБЭЧ Рабия.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** Бзугъащтэу хадэм ирагъэувэ. **7.** Фадэхэкі. **9**. ... нэхърэ джэдыкІэ нэхъ Іущщ. **11**. ЕгъэджакІуэ. Социалист Лэжьыгъэм и Плъхъжь. **12**. Ди лъэпкъэгъу, Къэрал Думэм и депутат. **13**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **15**. Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ театрым и джэгуакІуэу щыта, РСФСР-м щыхь зиІэ и артистка. **17**. Памыуплщ гъэ теХьа удз. **18**. Щыгъэ гъаІплэхэр абы къыхащІыкІаззщ. **20**. Къыкъэуурэ кьеплщэ жьы. **21**. Пащтыхь тетыс-хьэпІэ гъэщІэрэщІэ. **25**. Зи къудамэхэр теухъуэнщІыкІа жьыг лъэдий гъум. **26**. Ахъшэ егъэзыпІэ. **30**. Псыежэж, районн. **32**. Зыгуэрым и лэжьыгъэр дагъэпсынщІэн папщІэ (унэ щищІкІэ) гъунэгъухэр, ныбжьэгъу-Іыхьлыхэр зэхьхьэу зэхэублэ Іуэху. **34**. КэуръІэн цІыкІу. **35**. Къуажэ «транспорт». **36**. А унэцІэр зэрахьэ жэмышу Іэжьа, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужьми художник цІэрыІуэми. **37**. ЦІыхухэр зыхуей хуэзэн папщІэ къуажэ унафэщым Іуэху ... куэд елэжь. **38**. Диным ихьыр абы йопхъуэ. **3**. Псы ежэхым и ..., макъыр псэгъэпсэхущ. **4**. Махъсымэ щащІкІэ халъхьэ пщагъэ. **6**. КъраГъэбгъэку жэмым къыщІаш щэ. **8**. Пейтенант нэхъыжь, ..., майор. **10**. Хадзэкі. **13**. Къэрашей-Шэрджэсым, Адыгейм я щынальэхэм щыІэ псыежэх. **14**. Къэнжал хьэку цыкІу. **16**. Мэл, бжэн егъэзыпІэ. **17**. ЩыІым иэгъэщІу зэреджэр. **19**. Къуаргъ лІэужьыгъуэ. **22**. 4-нэ нэмэз щыІэгъуэ. **23**. Еджагъэшхэ: пъэпсымэкІэ, щІэпхъаджагъэ щІэным телажьэ бзаджэнаджэ, езыр мынэрылъагъуу. **41**. Адыгэ бзыльхугъэ уэрэджэІакІуэ. РСФСР-м щыхь зиІэ и артистка. **43**. Жыг лъагэшхуэ. **44**. Дзэлыкъуэ щІынальэм хиубыдэ адыгэ къуажэ. **45**. Адыгэ физик, Мэзкуу щыпІа жьэ еджагъэшхуэ.

Къехьу: **1**. Щыым гъуэ куу щІэзыщІу щыпсэу псэушхьэ цыкІу, хьэпІащІэхэр зи щхьэныгъуэ. **2**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, псым къым къыдекІуэкІыу щыта, кІуэдыжу хуэжьа Іэщ1агъэ куэд къэзыгъуэтыжу тхылъу къыдзыгъакІыжа ... Хьэзрэталий. **24**. Гуэгушхьым, къазыхъым я бгъэм трищІэ пшэрыпІэ. **27**. Адыгэ лъэпкъ. **28**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ. **29**. Хъуржьнышхуэ. **31**. ХьэщІэ лъапІэм и цІэкІэ ... зэхашащ. **32**. Къамышым нэгъуэщІу зэреджэр. **33**. Адыгэш къабзэ. **34**. Тауры-хъэм узыщІрихьэлІэ шы лъэрызехьэ: икІи мэпсалъэ, икІи мэпльатэ. **39**. Зопыщ, зэпыльэф, гъэшыгъуафІэ. **40**. Зыгуэрым и зэхуэдит!. **41**. Лъагэу зэтекІуа гуэр. **42**. Тутын ... е пхъэ ...

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Гъатхэпэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Абхъаз. **7.** Пъабзэ. **9.** Уфэ. **11.** МащІэ. **12.** Нало. **13.** Хьэлэбэлыкъ. **16.** Бажэ. **17.** Арму. **20.** Дудакъ. **22.** Хьэуан. **23.** Жагъын. **25.** ХьэмышІэ. **26.** Къэтап. **29.** Жырыкъ. **31.** Башар. **33.** Хьэнуэ. **34.** Заур. **35.** Уанэ. **36.** УафэхъуэпскІ. **39.** Ахъуэхъу. **41.** Бжэн. **42.** Гъуэдз. **44.** Жыгей. **45.** Щтачу.

Къехьу: **1.** Гъубжэ. **2.** Надбзэ. **3.** Къанлы. **4.** Азэн. **6.** Къуажь. **8.** КъызбгрыкІ. **10.** Алаушын. **13.** Хьэлъкъ. **14.** Баку. **15.** Къанж. **18.** Пхъэщабэ. **19.** Андзэгуэ. **21.** Апэсы. **24.** Адакъэ. **27.** Щыбзыхъуэ. **28.** Жумэрэн. **30.** Къару. **32.** Шыпхъу. **33.** ХьэуэкІ. **37.** Аргьей. **38.** Сэнтх. **40.** Хьудыр. **41.** Брул. **43.** Ду.

● Унэгуащэхэм щхьэкІэ

Шэ, шху дэпшхреймэ…

t Холестерин зи куэдым нартыхум къыхэщІыкІа шхыныгъуэ куэд ишхреймэ, холестериныр машІэ ещІ, Іэпкльпкъым хэль лейри къыхеху.

t Лы цІынэм мэ къимыщтэн щхьэкІэ шэрджэсхэм фо щахуэу щытащ.

t Мыващхьэр къущхьэхьу кърахырт. Есы мывэр памщІэ щыкІуу щытщ. Ар сапэкІэ ятхъунщІыр, сабэм хуэдэу къытекІар уІэгъэм трагъэщащэрти уІэгъэр хъужырт.

t КІэртІофым къыхэщІыкІа шхыныгъуэ куэд зышхыр пшэр мэхъу.

t Іэщышхуэ, Іэщ цІыкІухэм я гъэвар щашхкІэ адыгэхэм бжьыныхъу шыпсым пІастэ ирагъэпщІыркъым, ирагъэпщІыр лыращ.

t ХьэлІамэ кІуПинэ хуабэм шэ, шху дэщІыгъуу щІэхщІэхьуурэ пшхымэ, абы Іэпкльпкъыр егъэкъабзэ, напІэ зэльахэри егъэхъуж.

t Лыр зи машІэ цІыхум щынэ цІыкІу хуаукІыртри, и тхьэмщІыгъур хуабэу кърахт, тыкъыр цІыкІуу яупщІэртри, имыгъэнщкІыу ирагъэгъэльэтэхырт. Хуэмыщхьэу Іумпэм ищІмэ, яГъэвэпхырт.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Шхыныгъуэхэр

Іыхьэурэ дзасэкІэ гъэжьа джэдыл

АБЫ ЩХЬЭКІЭ нэхъ къагъэсэбэпыр джэдыщІэщ. Джэд гъэкъэбзар псы щІыІэкІэ ятхъэщІ, гъущэу яльэщІри, Іыхьэурэ зэпкърах. Тепщэч мыуГъэйм ираухьэ, шыгъу, цІыкІу-цІыкІуурэ упщІэта бжьыныху, шыбжий сыр хьэжа, бурш халъхьэ, псы щІыІэ тІэкІу щІакІэри фІыуэ зэІащІэ. И щхьэр трапІэри, зэхэщыпсыхьын щхьэкІэ дакъикъэ 30-40-кІэ щІыІапІэм ягъэув. Щагъэжьэнум деж джэдыл Іыхьэхэм бжьыныху тыкъыхрэр кІэраохри я кІыхьыпІэмкІэ дзасэм паІу. Тхъуэплъ хъуху дэпкІэ ягъажьэ, лъэныкъуэ псомкІи шатэ щахуэурэ. Джэдыл жьар дзасэм къыфІахьжри, тепщэчым иль пІастэ хуабэм и щІыІум траухьэ. Хуабжьу шхыныгъуэ ІэфІщ, мэ гуакІуэ къыхихыу.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):

Джэдыл - грамм 400

Бжьыныху укъэбзауэ - грамм 20

Шатэу - грамм 30

Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

Губгъуэджэш плъыжь гъэлыгъуа

ГУБГЪУЭДЖЭШЫР (чечевица) ягъэлыгъуэн щхьэкІэ зэхащІыпыкІ, шыуан е тебэ куу иракІуэгри пэшхьэкум трагъэувэ. МафІэ щабэм тету чымчыркІэ зэІащІэуэрэ тхъуэплъ дахэ хьуху, дакъикъм 10-12-кІэ, ягъэлыгъуэ. ИтІанэ тІэу-щэ щІагъэпщ. Губгъуэ джэш гъэлыгъуар яшх нартыху гъэлыгъуам хуэдэу икІи хуабжьу сэбэпышхуэщ фошыгъу уэ зиІэхэм дежкІэ.

Халъхьэхэр:

Губгъуэджэшу - грамм 200

Джэш гъэлыгъауэ къыхокІ грамми 180-рэ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.

● Жэрдэм

ЩІыхухэр зыщІигъэгупсысыжын папщІэ

Мазитху хъурауэ ди къэралыр къызэхежьых зы машинэ мынным. Абы дэс щІалэр хэгъэуэгу къэс къыщоувыІэ, щІы килограммищ хуэдиз къэным ирекІутэри ножьэж. Черемискин Вячеслав и закъуэм «Гъунапкъэм къыщыщІэдзауэ гъунапкъэм нэс» «автомобиль зекІуэм» хэтри, къызэзыгъэпэщари.

2012 гъэм фокІадэм и 8-м Сочи къыдджащ машинэ щхьэжкІэпльыкІэ щыкІу. Ар зезыгъакІуэ щІалэм къэралыр къызэхижьхьыну мурад ищІащ зы кьалэн зыхуигъэувыжкри: щІынальэ къэс щы тІэкІу къыщищтэну, Хэкур, абы щыпсэухэр зригъэщІыхуну. Пэхъыщхьэращ, дуней псом зэи къыщымыхьауэ, къыщалъхуа кьалэм арт-объект дищІыхьыну мурад ищІащ Вячеслав. Абы и теплъэу щытынур мыращ: Урысейм и картэр метр зэбгъуэнатІэ 15-м трищІыхьынущ, абы щы Іэмыщ1эхэр иритхьэнущ Урысейм и хэтъуэгу 85-м кьрищауэ.

ЩІынальэ къэс щыІэ кьалащхьэхэм къыщищтэнущ а щІыр, дэтхэнэ Іыхьэми кьалэм и щэр, щІынальэм щыпсэу щІыхуэхэм я бжьигъэр, гуэл, псы ежэх сыт хуэдэхэр къыщигъэпльэгъунущ.

- Гу лъыфтэми сщІэрэкьым, ауэ ди щІыхубэр кІуэ пэтми нэхъ зэпэІэщІэ мэхъу. Кьесхьэжьа Іуэхур зытеуухар лъэпкъэхэри щІынальэхэри зэгъэуІуэжьынырщ, зэпхьжьынырщ. ЩІыр ди адэжьым щІынну кьытхуагъэна мыгъэщ, тхъурэн, дыхуэсакъын хуейуэ, - жеІэ Вячеслав.

Мы Іуэхум мыхьэнэ иІэнущ щІыхуэм нэхъыбэ кьащІэнымкІэ: Байкал, Красноярск нэмыщІи, Канск, Ачинск, Минусинск... КьыьэрыщІэкьымкІ, апхуэдэ кьалэхэри щІэщ.

- Дэ Урысейм дрищІыхущ, дэтхэнэми тщІэуэ щытын хуейщ дыхэтми, дэнэ дыщыпсэуми. Красноярск сыдэту зыгуэрым сеупщІат: -Щыху дапщэ фи кьалэм дэсыр?-. Абы жэуап кьыдэст: -СыдэригугъэмкІэ, мелуан-. -Крайм дапщэ ис?». Щыхухьум и дамэхэр дрегъэуей.

ЗекІуэ ежьа лІым къэп 25 зэхуихьэсащ.

- Урысейм и кум, и нпщэ пъэпкьыкъэм кьыщалъытэ Урал адэкІэ, ди щыхуу мелуанищ фІэкІа имысу, китайхэм ялубыдаэу, урысхэр ефэу, - кьыддогуашэ Вячеслав. - ЩІыхуэхэр пэж дыдэу щыгъуазэкъым адрей хэгъэгуэхэм я псэукІэм. Сэ сыкьапщтэмэ, иджы ягъэ сІыгъуу аращ Сыбырым кьалэныжьхэр зэриІэр, щыпсэуэхэр зэрыщІыху гуапэр. СызэреплъымкІи, ар жьыІэн, нэхъыбэм егъэщІэн хуейщ.

Черемискин нэхъ фІэгъэщІэгъуэн хъуауэ кьыхигъэщхэм ящыщщ Сыбырым щыпсэуэхэри щІыІэм зэрыщыщынэр.

Вячеслав щІэжьэм ахъшэ кьыздриштакъым, ар зрихьэлІэуэм яГъашхэ, и машинэм гъсэныпхъэ хурагъахъуэ. Абы тепщІыхьмэ, Урысейм и щІыр псомэ зэхуахьэс мэхъу. Европ гуапэщ, и машинэ кьутауэ гъуэгум зыщІрихьэлІэхэм яхуещІыж, лъэсырыкІуэхэр здэкІуэн нешэс.

- Си гъуэгум и ныкъуэр зыкъзэзнэкІащ, щІыхуэмэ си Іуэхур кьыздаІыгъ, - жеІэ зекІуэ екъа лІым. - СызрымыхьэлІаф сыт гъуэгу сыстыху? Иркутск си машинэр щыкъутати, щІыхуэхэр зэхьыхьэрн, сом мин 50 и уасэ Іэмэпсымэ кьыхсхуащэхуащ, Чита областым зы нанэ щІыкІу пхъэ Іэплъкіу ихьу сыщІыхьэзати, унэм хуэсщэжри, хьэнтхъупс сригъафащ. Аэр куэд и уасэщ. Ахъшэ куэду щыпІыгъым и деж къэралыр зэрыщыт дыдэм хуэдэу кьыпхуэтъагъунукъым, иджыпсту сэ Іэмал хъарзынэ сиІэщ щІыхуэхэри, гъуэгури, щІыпІэри згъэуэхэуну.

Черемискин «нухуэну» картэм нэмыщІ, щІы зэхуихьэсам щыщ зэхигъэзэрыпхъу жьыг - пхъэхуей - хисэну и мурадщ, ар лъэпкъ зэкъуэтныгъэм и дамыгъэ хъуну къыщІэкІынщ.

НАУМОВЭ Аннэ.

● Жьыгъуэхэр

Гум и лІыгъэ

t ГурыщІэращ акъылыр зыуиэтІыр.

t Сабийхэм ябгъэдэль зэфІэкІым къэралым и къэкІуэнур еубзыху, абыхэм я дахагъым наІуэ кьищІыр лъэпкъым и фІэрэфІагъыращ.

t ІэштІым пщІауэ гупсысэ убзыхуа уи щхьэм къыхьэнуэсыкъым. Лъагъумыхъунигъэм акъылыр егъэутхъуэ.

t Щыхур апхуэдэщ - и гъащІэ псор зытригъэкІуадэр зыгуэр зыІэригъэхьэжьыщ, арамыхъуэр а къыІэрыхъэм иринасыпыфІэфхъым.

t Гум имылъагъур нэми ильагъукъым, нэм пэІэщІэр гуми пэжыжьэщ.

t Жылагъуэ зэхэтыкІэр, щэнхабзэр, хабзэр зыхуэдэм кьеГъэльагъуэ ар зезыхьэ лъэпкъым и дунейр.

t Гум лІыгъэ къыщызэкъуихьм деж Іэри хахуэщ.

t Дзэтхэнэ адэ-анэми еыщІ и сабийм нэхърэ нэхъ дахэ щымыІэу къыщохьу.

t Губгъэгъэ нэгъуэщІым и щыуагъэм егъэІущ, делэм дерс къызыхихыр езыр лъэпэрапэмэщ.

ХЪУРЕЙ Феликс.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ШІэрдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъэрыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэмби Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхъщэмыщІ Изэ.**

КъыдзэгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5, еплъыныр, ешІапІэр къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; цІыхубэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пресымэхмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхухъуэхэм я нэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральэ пошт эныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтынигъэр хьэмэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Ленриным и щІэкІэ щыІэ узрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдджКІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Сонэ, редактор Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Афэ Тамар** *(3,4-нэ нап.), Пхытіыкі Аэмэт (1, 2-нэ нап.), корректорхэм я одЭтныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.172 ● Заказ №686